



## Kijan pou depoze yon demann nan Pati Sivil Espesyal la

How to File a Motion in the Special Civil Part – Haitian Creole

**Depoze yon DEMANN se yon petisyon alekri ki mande tribunal la pou li emèt yon lòd oswa chanje yon lòd tribunal la deja emèt**

### **Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?**

Ou gendwa itilize blòk done sa a si w vle depoze sèten demann nan Pati Sivil Espesyal la, pa egzanp, yon demann pou pèmèt echanj preyalab pyès a konviksyon, pou revoke yon jijman kote yo te akite pa defo oswa yon jijman pa defo.

#### **1. Egzijans jeneral pou depoze yon demann**

Lè w depoze yon demann, ou fèt pou soumèt dokiman swivan sa yo ki nan blòk done a:

- Avi demann la (enkli Sètifikasi Sèvis nan pye paj Avi Demann la)
- Sètifikasi pou sipòte demann la
- Lòd la

**2. Frè yo:** Frè pou depoze yon deman nan Pati Sivil Espesyal la se \$25 amwens ke li ta gen pou wè ak depoze yon demann pou revoke yon jijman pa defo (pa #6, paj 6). Pa gen frè pou depoze yon demann nan Seksyon Pati Sivil Espesyal Tribunal la pou Litij ti montan.

**3. Eksepsyon yo: PA ITILIZE BLÒK DONE SA A** si w vle depoze yon demann pou nenpòt nan bagay swivan sa yo:

- **Demann pou Anfòse Dwa Litigan yo**
- **Demann pou Remèt Fon**
- **Demann pou jijman somè senplifye**
- **Demann pou entèdi Pledwari youn nan Pati yo poutèt li pat Reponn Entewogasyon yo.**

Si w vle depoze nenpòt nan kat demann ki parèt anlè a, mande anplwaye tribunal la sou kijan pou fè.

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifye tribunal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

Remak: Se Biwo Administratif Tribunal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt ou. Gen chanjman ki fèt nan gid yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribunal yo. Dènye vèsyon **fòm yo** ap disponib nan palè jistik konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistik [njcourts.gov](#). Men, se oumenm ki finalman responsab pou kontni tout dokiman tribunal yo.

**Tout fòm konplete fèt pou soumèt ba Konte nan konte kote ou te depoze ka w an. Yon lis sou Biwo pou Pati Espesyal Sivil (**Special Civil Part Offices**) disponib nan kontwa kliyan ak nan sitwèb [njcourts.gov](#).**

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribunal la fèt pou an angle  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

## Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Reprezante tèt ou nan Tribunal

### Eseye Angaje Yon Avoka

Sistèm jidisyè kab gen anpil konfizyon epi li ta yon bon lide pou angaje yon avoka si w kapab. Si w pa gen mwayen pou angaje yon avoka, ou ta mèt kontakte pwogram Sèvis Legal konte w an pou wè si w kalifye pou resevwa sèvis legal gratis. W ap jwenn nimewo telefòn la sou liy yo anba “Legal Aid” oswa “[Legal Services](#)”.

Si w pa kalifye pou sèvis legal gratis epi w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou kab kontakte asosyasyon bawo ([Lawyer Referral Service](#)). Sèvis Referans Avoka ki fè pati Bawo Konte a kab founi w ak tout non avoka ki nan zòn ou an, ki dispoze jere tip ka w an an patikilye epi tou ki pafwa takab ba w yon konsiltasyon a pri redwi.

Genyen tou yon seri òganizasyon avoka minoritè atravè Noudjèze, ansanm ak òganizasyon avoka ki jere type de ka espesyalize sa yo. Mande youn nan anplwaye Tribunal Siperyè a yon lis tout sèvis referans avoka ki enkli tout òganizasyon sa yo.

### Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Reprezante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou reprezante tèt ou poukont ou nan tribunal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribunal la. Ou oblige obeyi tout Règleman tribunal la, menm si ou abitye avèk yo. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribunal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribunal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribunal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribunal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribunal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribunal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribunal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribunal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka nan zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la deyò tribunal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la emèt.

## **Kenbe Kopi Tout Papye Yo**

Fè epi kenbe pou tèt ou tout kopi fòmilè ranpli yo ak tout chèk ki touche, money orders, tout resi de vant, bòdwo, kontra, devi, lèt, kontra lokasyon, foto, ak tout lôt dokiman enpòtan ki gen pou wè ak dosye w an. Prezante ak tout dokiman yo nan tribunal aprè yo voye notifikasyon ki egzije prezans ou.

## Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a

**Repons** (Answer) - Yon *repons* se yon repons alekri ki eksplike pouki ou panse ou pa dwe lajan a ba yon lòt pati nan ka a.

**Plent** (Complaint) - Yon *plent* se yon dokiman kote ou bay tribunal la yon eksplikasyon tou kout de tout done nan ka w an ak ki solisyon ou ta vle tribunal la akòde w.

**Pa defo** (Default) - Lè yon akize pa prezante nan tribunal pou reponn a yon plent oswa li pa depoze yon repons, yon jij takab imedyatman siyen yon lòd ki akòde solisyon plenyan a mande. Se sa yo rele *pa defo*. Epi tou, si plenyan pa konparèt nan tribunal, tribunal la ta ka anile ka a.

**Akize** (Defendant) - *Akize a* se moun (pati) ki sijè de pwersè ki antame nan tribunal (plent) ki depoze a.

**Nimewo Dosye** (Docket Number) - *Nimewo dosye a* se nimewo tribunal la deziye ba ka a dimoman ou depoze yon plent. Nimewo dosye a ap parèt sou plent la ansanm ak repons la.

**Depoze** (File) - *Depoze* vle di remèt tout fòm apwopriye yo ansanm ak frè yo ba tribunal la pou tribunal la komanse konsidere pozisyon ou oubyen demann ou a.

**Jijman** (Judgment) - *Yon Jijman* se desizyon ofisyèl tribunal la emèt sou ka a.

**Demann** (Motion) - Yon *demann* se yon petisyon alekri kote w mande tribunal la pou li emèt yon lòd, oswa chanje yon lòd ki deja emèt.

**Pledwari Oral** (Oral Argument) - Yon *pledwari oral* se lè ou prezante an pèsòn nan tribunal la pou eksplike ki sa w ta renmen tribunal fè.

**Lòd** (Order) - Yon *lòd* se yon papye jij la siyen ki pase lòd pou yon moun fè yon bagay.

**Pati** (Party) - Yon *pati* se yon moun, biznes, oswa ajans gouvènmantal ki fè pati aksyon ki antame nan tribunal la.

**Plenyan** (Plaintiff) - *Plenyan a* se moun (pati) ki antame aksyon a lè li depoze yon plent.

**Dat Retou** (Return Date) - *Dat Retou a* se dat tribunal la komande pou ni plenyan ak akize a konparèt nan tribunal.

**Sèvis** (Service) - *Sèvis* se swa voye pa lapòs oubyen remèt tout kopi dokiman ou yo ba avoka lòt pati, oubyen ba lòt pati a si li pa gen avoka.

Kijan pou depoze yon demann nan Pati Sivil Espesyal la

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papye blan 8 ½" x 11" sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papye ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè.

## Tout Pazaswiv pou Depoze yon Demann nan Pati Sivil Espesyal la

### PA 1: Ranpli *Avi de Demann la* (Fòm A) (*Notice of Motion - Form A*)

*Avi de Demann la* ap di tribunal la sa w vle tribunal la fè. Asire w pou enkli nimewo dosye ka w an epi siyen non ou kote yo mande w pou fè sa. (Pa nimewo 4 la eksplike kijan pou ranpli Sètifikasi Sèvis la nan pye paj Fòm A a).

### PA 2: Ranpli yon *Sètifikasi ki sipòte yon Demann* (Fòm B) (*Certification in Support of a Motion - Form B*)

Sètifikasi ki sipòte yon Demann di tribunal pouki ou panse w gendwa resevwa sa w ap mande a nan Avi Demann la. Anekse nenpòt ki kopi dokiman adisyonèl ou ta genyen ki ta kab ede sipòte demann ou an.

### PA 3: Ranpli pati anlè *Lòd la* (Fòm C) (*Order - Form C*)

*Lòd la* se dokiman ki swa akòde oubyen refize sa w ap mande nan ka a. Ou fèt pou ranpli pati anlè lòd la. Enstriksyon yo a va di w kijan pou fèl. Kite pati anba lòd la vid pou jij la kab ranpli li.

### PA 4: Ranpli *Sètifikasi Sèvis la* (Fòm A, paj 2) (*Certification of Service - Form A, page 2*)

*Sètifikasi Sèvis la* sou paj 2 Fòm A a. Tout pati nan ka a fèt pou resevwa yon kopi demann sa a. Dat ou mete sou Sètifikasi Sèvis la FÈT pou menm ak jou ou remèt dokman sa yo ba lòt pati a oswa avoka li OUBYEN jou ou founi li ba lapòs pou yo ekspedye li. (Al nan enstriksyon pou Fòm A a pou plis enfòmasyon konsènan koze sa a)

### PA 5: Tcheke fòm ou ranpli

Tcheke tout fòm yo epi asire w ke yo byen ranpli. Retire tout papye ki gen enstriksyon yo. Asire w ke w siyen tout fòm yo kote yo mande w siyen. **Atik swivan sa yo fèt pou fè pati lòd la:**

- Notice of Motion* (Form A)
- Certification of Service* siyen ak date (Form A, dezyèm paj)
- Certification in Support of the Motion* (Form B)
- Order* (Form C)

### PA 6: Peye Frè pou Depoze Demann

Frè pou depoze yon demann se \$25. Si w depoze yon demann pou revoke yon defo oswa yon jijman pa defo, ou fèt pou depoze yon respons pou reponn plent oriijinal la ansanm ak nenpòt ki reklamasyon ou ta vle fè yo konsidere, epi demann la fèt pou akonpaye de frè awopriye a. Ou gendwa kontakte Biwo Pati Sivil Espesyal la pou mande montan frè a. Chèk oswa Manda Postal la fèt pou fèt sou non Trezori, Eta Noudjèze oubyen si w ap

depoze demann la pa vwa elektwonik atravè Sistèm Dokiman Elektwonik Jidisyè a (JEDS) ou gendwa itilize kat kredi. Pa gen frè pou depoze yon demann nan Seksyon Reklamasyon Litij pou Ti Montan nan Pati Sivil Espesyal la.

### **PA 7: Voye pa lapòs oswa founi blok done tout papye ranpli yo ba tribunal la ansanm ak tout lòt pati nan ka a.**

Ou gendwa depoze tout papye petisyon ou yo atravè Sistèm JEDS, pa lapòs oswa an pèsòn nan tribunal la.. Ou fèt pou voye demann ka a ba tout lòt pati yo pa lapòs sètifye, rekomande ak avi de resepsyon ak lapòs nòmal. W ap resevwa yon ti resi vèt ka va sèvi kòm prèv ke w te voye demann la ba lòt pati a pa lapòs. Biwo lapòs la kab eksplike w kijan pou voye kourye sètifye, rekomande ak avi de resepsyon.

Nan dokiman demann ke w pral ekspedye ba tribunal la, enkli de kopi adisyonèl Lòd la ansanm ak demann orijinal la ak yon anvlop tou tenbre. Tribunal la va remèt ou kopi lòd adisyonèl yo ba w ak tout desizyon tribunal la sel si w founi tribunal la ak yon anvlop ki déjà make adrès ou epi ki tou tenbre. Lè w resevwa yon kopi lòd tribunal la tou siyen pa jij la, ou oblige, antan ke plenyan a, founi yon kopi ba tout lòt pati konsène nan demann la. Lòd la ap disponib tou nan dosye elektwonik eCourts la.

### **PA 8: Pledwari Oral.**

Ou fèt pou mande yon pledwari oral, ki vle di ke w ap mande pou konparèt an pèsòn nan tribunal la pou eksplike sa w vle tribunal la fè. Jij la kab deside sou demann la san pledwari oral amwens ke youn nan pati yo ta mande li epi jij la ta akòde rekèt la. Menm si okenn nan pati yo pa mande pou yon pledwari oral, tribunal la ta kab egzije prezantasyon pledwari oral, ya va notifye w de lè a, dat la, lokasyon ak si tribunal la ap fèl an pèsòn oswa vityèl. Tcheke pou wè si w vle ou pa mande yon prezantasyon pledwari oral sou Avi Demann la (Fòm A).

- Fè sifizaman kopi fòm yo pou ka genyen omwen de kopi pou chak pati nan ka a (youn pa lapòs sètifye ak youn pa lapòs nòmal) enkli youn pou tèt ou.
- Voye pa lapòs oswa founi tout demann orijinal yo ba tribunal la (Fòm A, Fòm B, Fòm C). Remak: Asire w byen ke w siyen tout fòm yo kote yo mande siyati w.
- Kenbe omwen yon kopi Blòk done ki finn ranpli a pou dosye pèsonèl ou.

## Form A

Plaintiff  Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

vs.

Defendant  Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

Superior Court of New Jersey  
Law Division, Special Civil Part  
County \_\_\_\_\_

Docket Number \_\_\_\_\_

### **Civil Action Notice of Motion**

Check one:

- I do not request Oral Argument**  
 **I request Oral Argument**

**PLEASE TAKE NOTICE** that I will apply to the Superior Court of New Jersey, Law Division, Special Civil Part, \_\_\_\_\_ County located at (address) \_\_\_\_\_, in the above entitled matter for an **Order** to:

- Permit Discovery
- Vacate Dismissal/Reinstate Complaint
- Amend Complaint
- Amend Answer
- Amend Judgment
- Enter Judgment Out of Time
- Vacate Default/Vacate Default Judgment (must include answer, any cross-claims or counterclaims, and the application fee; see step 6 on page 6)
- Other (Specify) \_\_\_\_\_

**NOTICE: IF YOU WANT TO RESPOND TO THIS MOTION YOU MUST DO SO IN WRITING.** Your written response must be in the form of a certification or affidavit. That means that the person signing it swears to the truth of the statements in the certification or affidavit and is aware that the court can punish him or her if the statements are knowingly false. You may ask for oral argument, which means you can ask to appear before the court to explain your position. If the court grants oral argument, you will be notified of the time, date and place. Your response, if any, must be in writing even if you request oral argument. Any papers you send to the court must also be sent to the opposing party's attorney, or the opposing party if not represented by an attorney.

## Form A

If you do not notify the Clerk and the undersigned in writing within ten (10) days of service of the motion that you object to entry of the order sought, the court, in its discretion, may enter the order against you without a hearing.

---

Date

---

Signature

---

Type or Print Name

Check one:  Plaintiff /  Defendant

### Certification of Service

I certify that I served a copy of this motion and any accompanying pages (check one)

Personally on the person(s) or attorney(s) listed below.

By mailing it to the person(s) or attorney(s) listed below by regular **and** certified mail.

I certify that the foregoing statements made by me are true. I am aware that if any of the foregoing statements made by me are willfully false, I am subject to punishment.

---

(Name)

---

(Name)

---

(Certified Mail Number)

---

(Certified Mail Number)

---

(Address)

---

(Address)

---

(City, State & Zip Code)

---

(City, State & Zip Code)

---

(Name)

---

(Name)

---

(Certified Mail Number)

---

(Certified Mail Number)

---

(Address)

---

(Address)

---

(City, State & Zip Code)

---

(City, State & Zip Code)

---

Date

---

Signature

---

Type or Print Name

Check one:  Plaintiff /  Defendant

## Form B

Plaintiff  Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

vs.

Defendant  Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

Superior Court of New Jersey

Law Division, Special Civil Part

County \_\_\_\_\_

Docket Number \_\_\_\_\_

### **Civil Action**

### **Certification in Support of Motion to**

- Permit Discovery
- Amend Judgment
- Vacate Dismissal/Reinstate Complaint
- Enter Judgment Out of Time
- Amend Complaint
- Vacate Default/Vacate Default Judgment (must include answer, any cross-claims or counterclaims, and the application fee; see step 6 on page 6)
- Amend Answer
- Other (specify) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
(your name) of full age, being the (check one)

Plaintiff /  Defendant in the above case states:

(You may attach more sheets if you need to, but you must copy the certification language below onto any additional sheets you use, and you must sign and date each additional sheet.)

I certify that the foregoing statements made by me are true. I am aware that if any of the foregoing statements made by me are willfully false, I am subject to punishment.

\_\_\_\_\_  
Date

\_\_\_\_\_  
Signature

\_\_\_\_\_  
Type or Print Name

Check one:  Plaintiff /  Defendant

## Form C

Plaintiff  Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Superior Court of New Jersey

Law Division, Special Civil Part

County \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Docket Number \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

vs.

Defendant  Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

### Civil Action Order

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

This matter being opened to the court by, \_\_\_\_\_, (your name)  
the  Plaintiff /  Defendant in the case by way of motion seeking an order to:

- |   |   |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Permit Discovery                     | <input type="checkbox"/> Amend Judgment                         |
| <input type="checkbox"/> Vacate Dismissal/Reinstate Complaint | <input type="checkbox"/> Enter Judgment Out of Time             |
| <input type="checkbox"/> Amend Complaint                      | <input type="checkbox"/> Vacate Default/Vacate Default Judgment |
| <input type="checkbox"/> Amend Answer                         | <input type="checkbox"/> Other (Specify) _____                  |

and the court having considered the motion, pleadings on file and/or argument of the moving party and for good cause appearing;

**(Do not write below this line, for court use only)**

On this \_\_\_\_ day of \_\_\_\_\_, 20 \_\_, it is **ORDERED** that:

It is **FURTHER ORDERED** that a copy of this Order be served by the moving party upon all other parties or their attorneys, if any, within \_\_\_\_ days of the date listed above.

**This motion was:**

- Opposed       Unopposed